



RETURN RECOVER REIMAGINE:

3-Year Plan for
Greater Equity
and Recovery

ESSER 2021-2024

DRAFT





Note ke n ap pibliye plan ESSER sa a pou piblik la nan jou 9 jiyè 2021 pou nou pataje pwogrè jiska prezan epi kontinye ap mande kòmantè nan men kominote nou an. Nou pral kontinye ap devlope bouyon sa a pandan ekip Lekòl Piblik Boston an kontinye ap angaje ak pèsonèl lekòl yo, patnè kominotè yo, ak espesyalman elèv nou yo.



Chè Kominote Lekòl Piblik

Boston,

Sa ban mwen anpil kè kontan pou mwen pataje premye bouyon Plan Retounen, Rekipere, Reyimajine 3 Lane sa a pou Pi Bon Ekite ak Rekiperasyon. Rekòmandasyon sa yo rakonte yon istwa sou ki jan Lekòl Piblik Boston pwopoze pou distribye finansman Sekou Ijans Edikasyon Elementè e Segondè (Elementary and Secondary School Education Emergency Relief (ESSER)) la selon sa nou tande de nou menm. Mwen rekonesan pou pil elèv yo, fanmi yo, edikatè yo, pèsonèl yo ak manm kominote yo ki te bay kòmantè ak rekòmandasyon.



Dènye 16 mwa yo te ekstrèmman difisil pou elèv nou yo, fanmi nou yo, pèsonèl nou ak kominote Boston an laj la. Nou te fè fas a gwo pèt ak ensètitid, men nou toujou nan sa a ansanm. An plis de doulè nou te sibi pandan dènye ane a nou te wè kominote yo mete tèt yo ansanm tou ak tout Vil Boston ini an sipò elèv nou yo. Mèsi dèské nou te montre ke sa ki pi bon nan Boston an toujou briye pi fò.

Plis ke 400\$ milyon nan finansman nou antisipe nou pral resevwa pral bay Lekòl Piblik Boston (BPS) plis finansman pou adrese kèk nan defi ki la depi lontan ke nou – Ekip BPS ka ak kominote nou an – ansanm te idantifye kòm priyrite. Nou te tande trè klè pandan pwosesis angajman kominotè ekstansif nou an ke byen ke nou kontan pou nou aksede plis finansman nan bidjè BPS nou pandan lane yo, nou toujou gen anpil travay pou nou fè pou asire tout elèv yo kapab aksede ansèyman de bon kalite, nan yon anviwònman ki an sekirite e akeyan nan chak katye.

Plan sa a dekri opòtinite nou te kreye pou nou sanble kòmantè ak rekòmandasyon nou yo ak ki jan n ap planifye pou nou distribye finansman an bay lekòl yo pou ògmante rezulta ekitab pou elèv yo. Nou toujou ap chache kòmantè nou epi nou pral kontinye ap ofri lòt fason pou pataje rekòmandasyon nou yo. Genyen plis enfòmasyon sou ki jan pou rete angaje nan Rezime Egzekitif la ak rès plan an.

Atravè tout pwosesis sa a, Lekòl Piblik Boston (BPS) te angaje pou tande kominote ki pral plis benefisyé de finansman an dirèkteman. Nou te kòmanse pa reyini ak yon gwoup pwofesè ak pèsonèl ki te devlope yon rapò ki fè rezime paj Wiki Wisdom nou te ouvri nan kòmansman ane sa a. [Rapò a te genyen konsèy nou te sanble nan men plis pase 200 kontribitè ladan li.](#)

Nou te òganize 33 [reyinyon kominotè epi nou te tande plis pase 1,200 aksyonè \(pati enterese\)](#) sòti nan tout Vil la. Nou te reyini ak elèv, edikatè, gwoup paran, ak avoka kominotè. Nou te òganize seyans konsantre sou



elèv ki gen andikap yo ak elèv ki nan pwogram pou elèv k ap aprann anglè. Nou te ofri materyèl ki te tradwi ak entèpretasyon an dirèk pou tout reyinyon yo.

BPS te revize plizyè [rapò ak rekòmandasyon](#) konpile pa òganizasyon ki konsantre sou efikasite edikatif pou aprann estrateji ki kab maksimize finansman yon sèl kou sa a, san nou pa mete tèt nou nan yon falèz finansman lè resous yo tout fin distribye.

Mwen rekonesan tou pou manm [Komisyon](#) an ki te rejwenn nou pou sis reyinyon piblik. Komisyon an konpoze de elèv, fanmi, pèsonèl ak ekspè ki lidè nan domèn yo tankou edikasyon, biznis, ak angajman sivik. Komisyon an te nonmen kòm yon lòt vwa an plis pou konseye nou sou pi bon fason pou nou envesti finansman an. Chef Kontabilite Eva Mitchell te prezante yon apèsi nan yon [reyinyon Komite Lekòl la](#).

Pwosesis entansyonèl sa a pou mande kòmantè te enpòtan pandan nou te fòme priyrite nou yo gras a kominate nou ak patnè nou yo. Kòm ou pral li nan paj swivi yo, finansman dirèk pou lekòl la te youn nan premye priyrite yo. Lekòl yo genyen plizyè opòtinite pou yo jwenn aksè nan resous yo atravè envestisman dirèk ak envestisman ki jere pa ekip distri nou yo. Fè finansman an rive pi pre sa ki sèvi timoun nou yo se te youn nan premye priyrite nou yo.

Nou detèmine pou nou byen jere finansman istorik sa a epi nou detèmine tou pou nou genyen transparans konplè sou kijan nou depanse fon sa yo ak rezulta envestisman nou dezire. Mwen kontan pou mwen kontinye angaje avèk nou tout konsa nou genyen yon rekiperasyon ki djanm epi bay elèv nou yo pouse a, swen an ak anviwònman aprantisaj yo merite ak bezwen.

Sa a se yon pwosesis sou plizyè lane epi kombine ak priyrite Komite Skolè a, plan direktè nou sou enstalasyon yo, ak bidjè nou bay previzyon an pou travay ki devan nou. Ansanm, nou pral kontinye ap idantifye defi yo, bati solisyon yo, e vize resous yo pou nou bouche twou opòtinite ak reyisit yo.

An patenary,

Brenda Cassellius

Sipèentandan, Lekòl Piblik Boston



REZIME EGZEKITIF

Finansman Elementary and Secondary Schools Emergency Relief (ESSER) la prezante yon opòtinite san parèy pou sipòte elèv Boston yo pandan nou Retounen, Rekipere, ak Reyimajine sistèm edikatif nou an. Lekòl Piblik Boston (BPS) te apwoche travay la ak ekite nan sant la epi te mennen plis vwa nan kominate a ki posib pou fòme envestisman nou yo.

Bouyon plan sa a, pibliye 9 jiyè 2021, dekri estrateji envestisman BPS la pou fon ESSER II yo, ki fè an total apeprè 123\$ milyon. Nou pral pibliye yon dènye plan pou fon ESSER II yo nan mwa out, apre peryòd pou kòmantè publik la fini 30 jiyè. Nou pral pataje plis plan pandan plis fon ap distribye pandan mwa ak ane k ap vini yo.

Estrikti pou envestisman nou de tout fon sekou federal yo konsantre sou asire ke nou kapab Retounen aprann an pèsòn, Rekipere aprantisaj ak byennèt nou te pèdi, epi Reyimajine yon nouvo BPS pou tout elèv yo.

Pou rekòmandasyon ki isi yo, nou pral itilize tout fon yo pou sipòte pi bon rezulta pou elèv yo. Tout 50% nan fon ESSER II yo prale dirèkteman nan lekòl yo pou yo deplwaye nan yon manyè ki reflete bezwen patikilye yo dirèkteman. Yon lòt 30% pral deplwaye atravè depatman biwo santral nou yo kòm envestisman nan lekòl, epi li pral kouvari bagay nou bezwen nan tout lekòl yo epi pi byen pèmèt lekòl yo konsantre fon spesifik pa yo sou bezwen spesifik pa yo. Dènye 20% an distribye pwovizwaman pou inovasyon ant lekòl yo ak patenarya kominotè. Pral genyen plis enfòmasyon disponib sou kategori finansman sa yo nan plan ESSER nou pou otòn 2021.

BPS ap apwoche itilizasyon fon ESSER yo an diferan faz. Nou pataje detay sou chak nan paj swivi yo.

ESSER I - Retounen a aprantisaj an pèsòn an sekirite: 55\$ Milyon¹

ESSER II - Rekipere aprantisaj ak byennèt ki te pèdi: 123\$ Milyon

ESSER III - Reyimajine BPS pou yon sistèm djanm e ekitab ki dirab : 276\$ Milyon

Lòt fon sa yo k ap vini yon sèl fwa ap distribye pou adrese kèk nan defi ki la depi lontan epi ki sistemik ke moun te viv nan lekòl nou yo epi yo fè pati nan yon pi gwo estrateji pou ògmante sipò pou elèv yo, konsantre ak plis entansyon sou ansèyman de bon kalite pou tout nivo skolè yo ak lekòl yo, epi transfòme biling lekòl yo pou fè yo anviwònman ki pi akeyan ki amelyore eksperyans elèv yo.

Nou ankouraje angajman kontinyèl ak kominate nou epi nou swete nou tande sa nou panse de plan sa a. Tanpri pwofite epi ban nou kòmantè atravè [pwosesis kòmantè publik la](#), k ap louvri jouk 30 jiyè 2021.

TAB DE MATYÈ

LÈT DE SIPÈENTANDAN AN

3

¹ Prim ESSER I BPS la te \$32.3M epi alokasyon CARES Vil Boston CARES pou BPS te \$23.2M, ki fè yon total de \$55M.

REZIME EGZEKITIE

5

APÈSI

7

Tou Finansman
Kalandriye
Apwòch

ANGAJMAN

13

Angajman ak Kominote BPS la
Angajman ak Kominote Skolè yo
Angajman ak Elèv yo

MEZI PWOTEKSYON YO

20

Direktiv Federal ak Eta
Direktiv BPS
Estrateji pou Distribisyon
Domèn Konsantrasyon yo

ENVESTISMAN YO

25

Kalandriye a pou Envestisman
Envestisman Lekòl yo
Envestisman Lekòl nan Tout Distri a

PWOCHÈN ETAP YO : ANGAJMAN NOU POU TRANSPARANS

33

REKONESANS

34

Komisyon ESSER
Patnè Rechèch yo



APÈSI

An repons a pandemi COVID-19 la, Depatman Edikasyon Etazini (US DOE) te aji rapidman pou founi sipò finansye pou sistèm skolè nan tout peyi a. Kongrè te mete apa apeprè 13,2\$ milya nan 30,75\$ milya ki te konsakre pou Fon Stabilizasyon Edikasyon an (Education Stabilization Fund) atravè Lwa Sekou Èd ak Sekirite Ekonomik pou Kowonaviris (Coronavirus Aid Relief and Economic Security (CARES) Act) pou fon "Elementary and Secondary School Emergency Relief Fund (ESSER Fund)" lan. Li te siyen nan jou 20 mas 2021, epi Depatman an te bay sibvansyon sa yo pou ajans edikatif nan nivo Eta yo pou yo bay ajans edikatif lokal (*local educational agencies*) (LEA), ki enkli lekòl charter ki LEA, ak fon sekou dijans pou adrese enpak COVID-19 te fè, epi kontinye ap fè, sou lekòl primè ak segondè nan tout peyi a.² Y ap distribye fon ESSER yo bay sistèm skolè yo an twa tou: ESSER I, ESSER II, ak ESSER III.

Tou Finansman

Envestisman yo ki fèt nan lekòl nou yo an konsekans pandemi COVID-19 lan san presedan epi yo prezante yon opòtinite enkwayab pou nou Retounen, Rekipere, ak Reyimajine. Nan Boston, n ap planifye pou nou sèvi ak fon sa yo pa sèlman pou nou kore yon retou a aprantisaj an pèsòn ki djanm, men pou nou reflechi an laj sou ki jan nou te ka reyimajine eksperyans edikatif la epi montre prensip ekite nou an pratik. Twa tou nan finansman Elementary and Secondary Schools Emergency Relief (ESSER) pral fè Lekòl Piblik Boston resevwa apeprè \$400 milyon pou benefisyé timoun Boston yo. Kòm yon distri skolè k ap sèvi plis pase 52,000 elèv, li esansyèl pou pwosesis pou distribisyon fon yo dirije pa kominate nou ak ekite nan baz li.



Fon ESSER I (yo rele sa a CARES Act tou), an total \$32,3 milyon, te resevwa nan de (2) tou pandan 2020 epi li fin depanse nèt ak yon konsantrasyon fiks sou retounen nan aprantisaj an pèsòn. Prim ESSER I pou BPS te siplemente ak distribisyon CARES pou Vil Boston an bay BPS 23,2\$ milyon, an total 55\$ milyon. Nou te depanse fon yo prensipalman sou resous nou te bezwen pou sjòpte elèv nou yo pandan pandemi a tankou Ekipman Pwotektif Pèsonèl (Personal Protective Equipment) (PPE), amelyorasyon nan kalite lè a ak sistèm tanperati lè nan biling lekòl yo,

reparasyon pou fenèt, teknoloji enstriksyonèl pou aprantisaj a distans ak pwogram pou ete. Desizyon yo sou kijan pou itilize fon yo te fèt an patenarya ak lekòl yo ak kominate yo, selon kalite biling lekòl yo ak amelyorasyon nan enfrastrikti ki te nesesè.

² <https://oese.ed.gov/offices/education-stabilization-fund/elementary-secondary-school-emergency-relief-fund/>



Nou te itilize finansman ESSER I nan wo nivo nan kategori suivan yo :

- ~\$20 milyon sou Sante ak Sekirite
- ~\$15 milyon sou Sèvis Manje ak Nitrisyon
- ~\$10 milyon sou Sipò Aprantisaj Ete ak Akademik Elaji
- ~\$5 milyon sou Evalyasyon Edikasyon Espesyal ak Sèvis Konpansatwa
- ~\$4 milyon sou Aprantisaj a Distans ak Teknoloji
- ~\$1 milyon sou Angajman ak Sipò pou Fanmi ak Elèv yo

Nou poko resevwa finansman ESSER II (yo rele sa a Coronavirus Response and Relief Supplemental Appropriations Act oswa CRRSA tou), an total apeprè 123\$ milyon ak finansman ESSER III (yo rele sa a American Rescue Plan Act oswa ARP tou), an total apeprè 276\$ milyon, nan men eta a. Distri a pral aplike pou fon ESSER II avan 30 jiyè 2021, epi yon fwa yo bay li, fòk nou depanse fon yo avan 30 septanm 2023. Ekip Lekòl Piblik Boston an pral depoze yon bidjè preliminè devan Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (MA DESE) pou nou aplike pou fon lokal nou yo nan mwa jiyè 2021. Pandan nou kontinye ap sanble kontribisyon nan men pati enterese kominotè nou yo, ekip lekòl nou yo, ak divizyon biwo santral nou, nou pral rafine bidjè nou ak distribisyon nou yo pandan mwa jiyè a. Ekip BPS la pral depoze yon pwopozisyon bidjè rafine pou fon ESSER II yo ki enkòpore kòmantè ekstansif nou te sanble nan men kominote nou an.

Nou pral fè demann pou fon ESSER III yo avan 4 oktòb 2021 epi ajans edikasyon lokal yo ki resevwa finansman an kapab depanse li avan 30 novanm 2024.

	ESSER I	ESSER II	ESSER III
Non Lwa a	CARES Act	CRRSA Act	ARP Act
Montan pou BPS	55\$ milyon	123\$ milyon	276\$ milyon
Resevwa Fon yo	Prentan 2020	Otòn 2021	Prentan 2022
Dat Limit pou Depanse Li	Septanm 2022	Septanm 2023	Septanm 2024

Distri a vize pou l entansyonèl ak depans yo nan chak faz nan pwosesis li, epi pèmèt ase tan pou angajman kominotè gaya epi asire aliyman ant plan distri yo ak plan lekòl yo. BPS pral kontinye ap òganize fowòm ak opòtinite pou kòmantè pandan n ap aprann plis nan pwosesis sa a pandan ane k ap vini yo.

ESSER I - Retounen a aprantisaj an pèsòn an sekirite : 55 Milyon\$³

³ Prim BPS ESSER I award la te 32,3\$ milyon epi distribisyon CARES Vil Boston pou BPS te 23,2\$ milyon, an total 55\$ milyon.



ESSER II - Rekipere aprantisaj ak byenèt ki te pèdi : 123 Milyon\$

ESSER III - Reyimajine BPS pou yon sistèm djanm e ekitab ki dirab : 276\$ Milyon

Pathway TO A BETTER BPS

VALUES

"JUICE": JOY, UNITY, INCLUSION,
COLLABORATION, AND EQUITY

MISSION

EVERY CHILD IN EVERY CLASSROOM IN EVERY
SCHOOL GETS WHAT THEY NEED.

VISION

A NATION-LEADING, STUDENT-CENTERED
PUBLIC SCHOOL DISTRICT PROVIDING
AN EQUITABLE, AND EXCELLENT, WELL-
ROUNDED EDUCATION, THAT PREPARES
EVERY STUDENT FOR SUCCESS IN COLLEGE,
CAREER, AND LIFE.

Theory of action

IF we give every student what they need,
earn the trust and true partnership
of families, community members,
and stakeholders through authentic
engagement and shared leadership,
deliver excellent service to students
and families, and provide educators and
staff with professional development and
clear expectations...

THEN we will become a high-performing,
nation-leading district that closes gaps and
improves life outcomes for each student.

Kalandriye

Refleksyon inisyal la otou ki jan pou distribye fon ESSER yo chouke nan angajman pwofon Doktè Cassellius te dirije vil nou ladan li lè li te rejwenn ekip BPS la an otòn 2019. Tou chita-tande kominotè ekstansif la nan chak nan lekòl nou yo te enfòme [Plan Stratejik 2020-2025](#) nou an. Kòm yon ekip distri, nou chouke nan prensip nou yo, misyon nou an, vizyon nou an, ak teyori chanjman nou an.

Sis angajman distri a te fè nan rapò sa te sèvi kòm lank epi yo te enfòme apwòch nou nan rekiperasyon de pandemi a. Sis angajman sa yo se :

1. **Elimine Mankman nan Opòtinite ak Revisit** – rannman ekitab e ekselan pou elèv yo
2. **Akselere Aprantisaj** – lekòl de bon kalite ak sal de klas jwaye nan tout distri a
3. **Anplifye Tout Vwa yo** – priz desizyon pataje, patenarya, ak responsabilite mityèl
4. **Elaji Opòtinite** – finansman ki jis e ekitab ak anviwònman akeyan
5. **Kiltive Konfyans** – pèsonèl ki sansib e konpetan ki reflete elèv nou yo epi ki konsantre sou sèvis
6. **Aktive Patenarya** – elaji aprantisaj pi lwen pase sal de klas yo epi konekte kominote a ak sal klas yo



Pandan prentan ak ete 2020, distri a te devlope yon [Plan pou Re-Ouvèti](#) epi nou te angaje kominote a regilyèman pou nou sanble ide ak pèspektiv pou enfòme retou nou nan lekòl la pou 2020-2021. Anba lidèchip Dr. Cassellius, reyinyon angajman kominotè nou yo te santre pi fèm otou ekite, epi nou te lanse Tab Won Kominotè sou Ekite a ak Tab Won Skolè sou Ekite pou nou bay opòtinite regilye pou diskite politik ak pratik nan sistèm nou ki t ap kontribye nan mankman opòtinite yo. Sa a te enpòtan an patikilye pandan peyi nou ak kominote nou t ap fè fas a doub pandemi yo ki se COVID-19 ak rasis.

Angajman pwodiktif sa a te mennen nou lanse estrikti Retounen, Rekipere, ak Reyimajine a pandan prentan 2021. Estrikti sila a te ede nou òganize priyrite yo epi fòme estrateji nou pou yon retou nan lekòl la ki pi fò toujou pou 2021-2022. Nan jou 13 me, Komisyon ESSER a te fòme epi distri a te kòmanse yon nouvo seri opòtinite pou angajman kominotè pou nou sanble kòmantè sou ki jan distri a ta sipoze aloke fon ESSER yo nan fason ki pi ekitab ak efikas.

Nan moman sa a an jiyè 2021, n ap pibliye premye bouyon plan ESSER sa a pou nou pataje konklizyon yo ak pwosesis la jiska prezan. Nou gen entansyon pou dokiman sa a kontinye ap devlope nan mwa k ap vini yo pandan nou enkòpore devlopman ide nan men edikatè, manm kominote, elèv yo, fanmi yo, lidè lekòl yo, ak lidèchip distri a. Pral genyen yon [periyòd pou kòmantè publik ouvè](#) jouk 30 jiyè epi nou vle kòmantè nou ak ide nou yo sou vèzyon aktyèl plan yo.

Apwòch

Kad la pou envestisman nou de tout fon sekou federal yo konsantre sou asire nou kapab Retounen nan aprantisaj an pèsòn, Rekipere aprantisaj ak byennèt ki te pèdi, epi Reyimajine yon nouvo BPS pou tout elèv yo : An brèf, Retounen, Rekipere, ak Reyimajine.

BPS ap apwoche itilizasyon fon ESSER yo an faz, ki alien ak twa tou finansman ESSER yo. Finansman ESSER I (55\$ milyon) te konsantre sou kore elèv nou yo pou yo retounen lekòl an sekrite atravè envestisman tankou amelyorasyon fasilité, ekipman pwotektif pèsonèl, ak teknoloji pou aprantisaj a distans. Finansman ESSER II yo (123\$ milyon) konsantre sou kore elèv yo pou yo rekipere aprantisaj yo te pèdi e bati relasyon atravè envestisman nan afè akademik, byennèt sosyal-emosyonèl, ak operasyon. Finansman ESSER III yo (276\$ milyon) pral konsantre sou reyimajine BPS pou yon sistèm djanm e ekitab ki dirab

Angajman

Nan mwa me 2021, BPS te lanse yon pwosesis rapid pou sanble tout kòmantè nan men kominote a ki posib. Ekip Lekòl Piblik Boston an te sanble yon ekip andedan Divizyon Kontrandi a (Division of Accountability), dirije pa Chèf Kontrandi a, Eva Mitchell, pou li jere pwosesis la pou nou sanble kòmantè pati enterese yo, jere biwo santral la ak pwosesis demann skolè a, e kreye yon estrateji. Faktè k ap dirije ekip ESSER sa a se te kenbe ekite nan mitan tout desizyon nou yo ak pwosesis nou yo atravè itilizasyon gaya Zouti pou



Planifikasyon pou Ekite Rasyal la, chache pratik ki baze sou prèv ke nou te gen konfyans ke yo t ap genyen yon enpak pozitif sou elèv nou yo, e enkòpore divèsite rich elèv BPS nou yo, fanmi nou yo, ak manm kominote nou. Premye etap natirèl la nan pwosesis la se yo yon pwosesis angajman kominotè gaya.

Zouti pou Planifikasyon pou Ekite Rasyal

Zouti pou Planifikasyon pou Ekite Rasyal la te yon pati entegral nan pwojè ESSER a. Rezulta nou dezire yo sòti nan Misyon ak Vizyon BPS nou: nou detèmine pou nou bouche mankman nan opòtinite ak reyisit atravè envestisman stratejik fon ESSER yo. Analiz done te fè pati nan prèske tout reyinyon kote nou diskite itilizasyon fon ESSER yo. Done sou reyisit elèv sou evalyasyon estandadize ki dezagrege selon ras ak popilasyon elèv nou konsantre sou yo (elèv ki gen andikap, ansyen ak elèv k ap aprann anglè aktyèlman, ak sa ki dezavantaje ekonomikman) toujou yon liy debaz. Plis analiz done te enkli sondaj sou bezwen fanmi yo nan mwa avril 2020, done sou anwòlman inivèsite pos-segondè, done sou prezans, done sou elèv k ap echwe nan kou, done sou pèsepsyon sou aprantisaj a distans an otòn 2020, ak enterè nan yon opsyon pou lekòl vityèl, pamì anpil lòt ankò. Nou te prezante sous done sa yo nan [dezyèm reyinyon Komisyón ESSER la, nan jou 27 me 2021](#).

Angajman aksyonnè te yon pati kle nan estrateji nou depi kòmansman pwojè a. Seksyon angajman an nan plan sa a dekri pil reyinyon ki te fèt pou angaje aksyonnè BPS divès nou yo, tankou elèv yo, fanmi yo, edikatè yo, patnè kominotè yo, lidè lekòl yo, ak anpil lòt toujou. Pèspektiv pa yo sou potansyèl envestisman ak asire distribisyon ekitab ki fè enpak te genyen yon enfiliyans sou plan k ap devlope a. Aktyèlman nou sou etap 4 : Estrateji pou Ekite Rasyal, kote Sipéentandan an ak ekip ESSER a ap sanble tout kòmantè gaya sa a pou enfòme kalandriye a, fòmil yo pou distribisyon, ak envestisman yo, nan manyè ki pi ekitab ki posib.

[Deklarasyon sou Enpak sou Ekite](#) a sot nan men Komite Skolè a nan jou 30 jen 2021, bay yon rezime sou pwogrè nou atravè pwosesis Zouti pou Planifikasyon pou Ekite Rasyal la. [Prezantasyon Komite Skolè a sou ESSER](#) nan jou 30 jen 2021, bay plis kontèks.

Etap Zouti pou Planifikasyon pou Ekite Rasyal





Envestisman ki Baze sou Prèv

Opòtinite finansman san presedan sa a mande disiplin pou asire nou fè envestisman nan bagay ki pral genyen enpak pozitif sou elèv nou yo, akademikman e olistikman. Pandan nou detèmine nan ki sa pou nou envesti, ekip ESSER a ak patnè kominotè nou yo te travay di pou jwenn plis egzanz pratik ki baze sou prèv ki posib pou nou fè yo disponib pou ekip lekòl ak distri nou yo. Li esansyèl nou fè envestisman yo nan pratik ak entèvansyon ki montre gwo enpak sou elèv yo. Ekip nan biwo distri a ak lekòl yo pral resevwa yon baz done de rechèch rich ke yo kapab itilize pou enfòme desizyon sou finansman. Pran tan pou byen konsidere ki sa ki pral mennen nan plis enpak pou elèv nou yo se yon etap kle nan enpak alontèm nan pou lajan federal sa a.

Mezire Enpak yo

Chak envestisman pral genyen yon mezi enpak ki defini kote nou atann nou pral wè chanjman gras a nouveau pratik la, entèvansyon an, oswa sipò a. Mezi enpak yo pral kantitatif e kalitatif epi konekte avèk entèvansyon an pi pre ke posib. Kaptire done e reflechi sou ki sa k ap mache ak sa ki p ap mache nan envestisman nou yo pral gide nou pou nou kontinye ap pran e korije chimen nou selon bezwen pou asire benefis pozitif maksimòm nan pou elèv nou yo.

Globalman, BPS ap planifye pou nou kontwole enpak sou metrik (mezi) wo nivo kote nou konnen pandemi a te genyen yon enpak negatif. Nou pral alienen mezi enpak yo ak metrik sou pwogrè ki idantifye nan plan stratejik BPS la, epi tout rapò yo ap dezagrege (patikilye) selon gwoup majè elèv yo fè pati, tankou ras/etnisite, estati elèv k ap aprann angle, ak estati andikap. Si sa a nesesè, nou pral ajoute plis mezi ki alienen ak objektif pou enpak elèv pou finansman ESSER, ke nou pral kontinye ap devlope pandan ete sa a atravè angajman kominotè e skolè kontinyèl. Nou konte sou amelyorasyon pandan pwochen twa lane yo pandan n ap mete sou pye tout envestisman yo nan tout kategori yo.

Responsabilite, Dirabilite, ak Jesyon Risk

Toudabò, n ap mete an plas sistèm kontrandi. Nou te etabli yon baz prèv sipòtif kòm fondasyon an, fèt kòm yon pwosesis revizyon rijid, fikse atant pou plan travay konkrè ak metrik sou pwogrè, epi nou te idantifye rezulta klè nou pral siveye epi rapòte devan piblik la. Sik "Lwa Planifye, Fè, Etidye" sa a (Plan, Do, Study, Act (PDSA)) esansyèl pou efikasite global nou kòm yon òganizasyon aprantisaj

Dezyèmman, planifikasyon pou dirabilite te kòmanse deja. Tout pwopozisyon yo te idantifye kèlkeswa potansyèl depans k ap sòti, ki konsidere nan priz desizyon an. Nou pral sèvi ak evalyasyon aktivite ki finanse ak ESSER pou nou revizite, reyevalye, epi reyimajine ki jan nou depanse tout resous finansye ak lòt resous nou yo. Planifikasyon reflektif otou dirabilite pral pèmèt nou reyimajine sipozisyon finansman yo.

Finalman, n ap fòme yon initie jesyon risk pou asire konfòmîte teknik ak pratik optimal pou jesyon byen, odit, ak kontwòl. Sa a se yon etap kritik pou asire chak dola ESSER ki envesti genyen yon enpak pozitif siyifikatif pou elèv nou yo. Nou, ekip Jesyon Risk la, pral veye pwogrè nou anvè bi sa depre.



ANGAJMAN

Pandan chak etap nan pwosesis la, BPS te chache angajman pwofon avèk pati enterese yo ak divès pèspektiv nan tout sistèm nou. Ekip angajman nou te kaptire temwayaj nan men paran, pwofesè, lidè òganizasyon patnè kominotè nou yo, fonksyonè ki te eli ak sa ki te nonmen yo, ak anpil lòt gwoup. Nou te kaptire epi sentetize kòmantè sa nan yon manyè konpreyansif pou asire ke oryantasyon an ak pwosesis ki te kreye a respekte bezwen ak enterè plis manm nan kominote nou an ke posib. BPS pral kontinye ap bay opòtinite pou kontribisyon ak kòmantè nan chak etap nan pwosesis la nan lane k ap vini yo

Angajman avèk Kominote BPS la

Sipèendant Cassellius te lanse yon pwosesis angajman piblik pou li tandem elèv yo, fanmi yo, edikatè yo, pèsonèl yo, ak manm kominote yo sou meyè fason pou envesti fon sekou federal yo. [Sit entènet Finansman Sekou Federal BPS 2021](#) an gen enfòmasyon sou seyans piblik ak Komisyon ESSER a, ke Sipèendantan an te inisyé pou yo bay plis oryantasyon baze sou eksperyans manm Komisyon an nan travay yo fè nan kominote Boston an. Genyen plizyè opòtinite pou manm piblik la pataje kòmantè pa yo ke nou gentan founi epi nou pral pwograme plis nan lavni. An plis de sa, pral genyen yon peryòd revizyon ak kòmantè nan mwa jiyè 2021 pou kominote nou kontribye nan pwosesis planifikasyon an

Komisyon ESSER

Komisyon ESSER a te kreye pou eleve vwa reprezantan nan gwoup kle nan tout distri a. Gwoup sa a ki genyen trant-de manm nan kominote a ki byen etabli te reyini chak de (2) semèn oswa chak semèn nan mwa me, jen, ak jiyè pou yo diskite pwopozisyon sou kreyasyon plan ESSER yo. Lidè sa yo reflete divèsite rich kominote BPS nou an : yo reprezante elèv yo, paran yo/fanmi yo, òganizasyon patnè kominotè yo, pèsonèl Vil Boston an, Gwoup Travay BPS yo, patnè nan edikasyon sipèryè yo, direktè nan lekòl BPS yo, Konsèy Endistri Prive yo (PIC), patnè benevolan, Komite Skolè a, patnè relijye, Sendika Pwofesè Boston yo (BTU), ak kominote biznis la. Tout pati enterese sa yo pataje yon detèminasyon solid pou ekite ak pou elèv Lekòl Piblik Boston yo.

Reyinyon yo te fèt vityèlman sou Zoom epi yo te ouvè pou manm piblik la obsève. Apre chak reyinyon, te genyen yon okazyon pou kòmantè piblik. Materyèl reyinyon yo (dyapozitif yo ak/oswa anrejisman yo) afiche sou [Sit entènet Komisyon ESSER BPS la](#).

Reyinyon Komisyon ESSER yo

- Jedi 13 Me, 5:00 pm - Kòmantè sou mezi pwoteksyon yo
- Jedi 27 Me, 5:00 pm – Plis kòmantè pi pwofon sou mezi pwoteksyon yo: distribisyon yo ak Domèn Konsantrasyon yo



- Jedi 10 Jen, 5:00 pm – Eleve vwa kolektif epi bay kòmantè alekri sou pwopozisyon rafine pou mezi pwoteksyon 3 (distribisyon)
- Jedi 24 Jen, 5:00 pm - Kòmantè sou modèl ki te pwopoze pou distribisyon pou lekòl yo
- Jedi 1e Jiyè, 5:00 pm - Kòmantè sou estrateji pou envestisman biwo santral la
- Jedi 8 Jiyè, 5:00 pm - Kòmantè sou plan ESSER la ak envestisman ki pwopoze pou tout distri a

Genyen yon lis konplè de Manm Komisyon ESSER yo nan seksyon Rekonesans lan. Nou vreman rekonesan pou tan ak ekspètiz manm Komisyon ESSER nou an. Chak manm nan Komisyon an te kontribye kòmantè ak ide nan pèspektiv inik yo ki te fòme devlòpman pwopozisyon ESSER yo.

Reyinyon Angajman Kominotè yo

Nou te envite Kominote BPS la patisipe nan anpil seyans pou nou bay yon espas pou vwa sòti nan chak pati nan kominote nou an. Materyèl reyinyon yo (dyapozitif yo ak/oswa anrejisman yo) afiche sou [sit entènet Angajman kominotè BPS la](#). Anplis de reyinyon kominotè ouvè sa yo, te genyen konbyen douzèn reyinyon pou kòmantè avèk pati enterese yo nan tout Kominote BPS la. Ekip ESSER BPS la tou te revize plizyè santèn imèl ak kòmantè alekri ki te depoze sòti toupatou nan vil la. Nou te tande plis pase 1,200 pati enterese pandan angajman sa yo. Tout pèspektiv sa yo te enfliyanse epi fòtifye pwopozisyon nou yo pou depans ESSER la epi yo te ede nou konsantre sou rezulta pou elèv yo.

Reyinyon Kominotè

- 13 Me 2021 - Gwoup Travay Elèv k ap Aprann Anglè*
- 15 Me 2021 – Kosèy Konsiltatif Distria pou Elèv k ap Aprann Anglè, 27 Patisipan
- 21 Me 2021 – Kabinè Elèv Egzekitif Sipèéntandan an, 10 Patisipan
- 24 Me 2021 – Reyinyon Lidè Paran Trimèstryèl Sipèéntandan an, 56 Patisipan
- 25 Me 2021 – Reyinyon Gwoup Paran, 99 Patisipan
- 26 Me 2021 – Gwoup Travay sou Byenèt Distri a*
- 3 Jen 2021 – Reyinyon Gwoup Paran ki te enkli Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal (SpEdPAC), Kosèy Konsiltatif Distria pou Elèv k ap Aprann Anglè (DELAC), ak Konsèy Paran nan Tout Vil la (CPC), 277 Patisipan
- 14 Jen 2021- Reyinyon Sendika Pwofesè Boston, 15 Patisipan
- 15 Jen 2021 - Reyinyon Kominotè Piblik, 177 Patisipan
- 17 Jen 2021 - Angajman Kominotè ak Konsèy Konsiltatif, 8 Patisipan
- 23 Jen 2021 - Reyinyon Kominotè Piblik, 45 Patisipan
- 24 Jen 2021 – Reyinyon Patnè BPS yo, 55 Patisipan
- 29 Jen 2021 – Gwoup Travay pou Redui Mankman nan Opòtinite yo *
- 29 Jen 2021 - Reyinyon Kominotè Piblik, 150 Patisipan
- 6 Jiyè 2021 - Reyinyon Kominotè Piblik, 10 Patisipan

1200+
Aksyonnè


*Tanpri remake se Komite Skolè a ki rele Gwoup Travay yo epi rasanjeleman pa yo sibi lalwa sou Reyinyon Ouvè; pakonsekan, pa genyen yon chif presi de patisipan yo rapòte anba a.



DRAFT

BOSTON
Public Schools

Nòt vizyèl yo ki anba a te kreye avèk konpayi imaj [dpeict](#) pou ilistre nòt pou reyinyon 3 Jen an ki genyen ladan yo pèspektiv manm SpEdPAC, DELAC, ak CPC a.





Kòmantè Edikatè yo: Rapò WikiWisdom

Apre nou fin pase yon lane ap viv pandemi COVID-19 la ak jan li boulvèse anpil nan eksperyans skolè a, lidè Lekòl Piblik Boston yo ak Sendika Pwofesè Boston an te kontakte pèsonèl/manm yo pou l'jwenn kèk konpreyansyon sou ki jan distri a te ka reyimajine lekòl li yo pi byen alavni.

Dapre eksperyans ou nan BPS, epi sitou ane ki sòt pase a, n ap konte sou ide ou yo pou nou reyimajine ki sa lekòl te ka ye. Si pa ta gen limit, ki jan eksperyans aprantisaj ideyal la ta ye pou elèv nou yo ?

An repons, 201 manm kominate edikatif BPS la te rejwenn yon konvèsasyon inik sou entènèt, nan Fowòm WikiWisdom Lekòl Piblik Boston an, ant 25 fevriye 2021 ak 2 mas 2021, epi yo te poste 113 ide, 179 kòmantè ki angaje ak kesyon sa a: Dapre eksperyans ou nan BPS, epi sitou ane ki sòt pase a, n ap konte sou ide ou yo pou nou reyimajine ki sa lekòl te ka ye. Si pa ta gen limit, ki jan eksperyans aprantisaj ideyal la ta ye pou elèv nou yo ?

Dis nan manm ki te plis angaje nan fowòm sa a te aksepte yon invitasyon pou yo rejwenn Faz II nan pwojè a kòm Lidè Refleksyon BPS. Pou bati sou konvèsasyon entènèt sa a, dis Lidè

Refleksyon yo te rafine ide ki te afiche yo epi yo te devlope sèt rekòmandasyon ak karant solisyon pwopoze ki te nan yon rapò, ke yo te prezante devan Lidèchip BPS ak BTU yo nan jou 3 me 2021.

Sèt rekòmandasyon yo, kote ke chak ladan yo te genyen solisyon pwopoze, te :

1. Fè amelyorasyon nan enstalasyon yo, renovasyon pou biling yo, ak antretyen yon priyorite.
2. Ògmante manm pèsonèl sipò nan lekòl yo, sitou apre COVID.
3. Eksplore fason pou nou kontinye ap angaje ak fanmi yo ak elèv yo a distans epi pwofite de teknoloji andedan sal de klas yo.
4. Elaji aksè nan resous nan tout distri a.
5. Repanse modèl evalyasyon ak notasyon yo, epi bay konstans nan kourikoulòm lan (pwogram etid la).
6. Amelyore divèsite ak reprezantasyon nan BPS.
7. Mande epi enkòpore plis kòmantè nan men pati enterese yo pandan lane a.

Nou ka wè rapò konplè a sou sit entènet BPS la : [Reyimajine Lekòl Piblik Boston: Yon Rapò WikiWisdom](#).

Sondaj sou Bezwèn Fanmi yo

An prentan 2021, BPS te vle sanble kòmantè nan men fanmi yo sou eksperyans pa yo pandan ane skolè pandemi a pou enfòme soutyen nou mete an plas pou ane k ap vini a. Sondaj fanmi BPS yo te poze kesyon sou Kominikasyon Fanmi-Lekòl, Konsyans ak Aksyon Kiltirèl, Pèsepsyon Jeneral de Lekòl, ak Sansibilizasyon Skolè. Epi tou nou te fè sondaj elèv yo ak pwofesè yo sou klima/kilti akademik e skolè. Sondaj la te lanse 24/5/2021, li te administre sou lojisyèl Panorama nan 10 lang, epi li te fini 18/6/2021. Fanmi yo te resevwa



sondaj la pa imèl, tèks, ak sou sit entènet BPS la. Invèsite Brandeis ap pèfòme yon analiz sou done kalitatif yo, ke nou atann li pral pare nan mitan mwa jiyè a.

Yon kesyon sou sondaj la te mande, "Ki nivo enkyetid ou genyen sou (Sante Akademik, Sosyal-Emosyonèl, Konpòtmantal, Fizik, Relasyon ak Kolèg, Relasyon ak Adilt) pitit ou kounye la ?" An jeneral, 28% nan fanmi yo an mwayèn te endike yo te Yon Ti Jan enkyete, Ase enkyete, oswa Ekstrèmman enkyete pou pitit pa yo.

Sondaj Fanm yo : % Paran ki Enkyete selon Ras/Etnisite

Globalman, 28% nan fanmi yo an mwayèn te endike yo te Yon Ti Jan enkyete, Ase enkyete, oswa Ekstrèmman enkyete pou pitit pa yo.			
Azyatik	Nwa	Panyòl	Blan
41%	29%	24%	26%

Sondaj Fanmi yo : Bezwèn Elèv yo (% Yon Ti Jan/Ase/ Ekstrèmman Enkyete) selon Ras/Etnisite

	Kwasans Akademik	Byenèt Sosyal-Emosyonèl	Relasyon avèk Kolèg	Konpòtman	Sante Fizik	Relasyon avèk Adilt
An jeneral	41%	38%	25%	24%	22%	18%
Azyatik	52%	49%	37%	38%	38%	33%
Nwa	44%	37%	26%	25%	22%	19%
Panyòl	37%	32%	19%	22%	22%	14%
Blan	38%	40%	27%	21%	16%	13%

Done sa yo reflete 11.987 repons, ki reprezante 26% nan fanmi BPS yo. Fanmi moun Blan yo te reponn nan to ki pi wo, men gwo majorite repons yo sou sondaj la sòti nan repondan ki pa Blan (79% nan repons yo). Anpil plis fanmi ki pa pale anglè te reponn sondaj prentan sa a, ki te ògmante sot nan 20% nan repondan yo an otòn rive nan 31% an prentan.



Angajman avèk Kominote Skolè yo

Angajman nan nivo lekòl yo se yon eleman kritik pou distribisyon finansman ESSER ki reyisi. Edikatè yo, ekip skolè yo, ak fanmi yo se pati enterse ki pi pre elèv nou yo epi se poutèt sa, yo sipoze genyen anpil kontribisyon sou ki jan nou depanse finansman an. Anplis de angajman nan nivo distri a ak tout kominote nou an, nou atann lekòl yo pral angaje avèk kominote patikilye pa yo pou yo fè meyè desizyon lokal ke posib.

Pou nou mande kontribisyon kominotè gaya sa a, chak lekòl pral òganize yon seri de Tab Won sou Ekite. Tab Won sou Ekite se konvèsasyon pami yon gwooup aksyonè ki reflete divèsite rasyal, etnik, lengwistik, ak sosyo-ekonomik nan kominote skolè a. Bi a se pou nou kominike avè pati enterese yo sou ki jan BPS, epi nan ka sa a lekòl endividyle yo tou, ap pral priyorize ekite ak distribisyon resous yo. Anplis de sa, se pou li sanble ide nan men pati enterese yo sou ki jan ekip lekòl la te ka fè ajisteman oswa amelyorasyon sou plan ki pwopoze yo. Dènyeman, se yon chans pou nou tandé pati enterese ekstèn yo sou ki jan yo te ka soutni inisyativ ki pwopoze yo. Objektif final Tab Won sou Ekite a se pou nou eliminate mankman nan opòtinite, mankman nan reyisit, ak anpechman pou elèv Lekòl Piblik Boston yo pandan n ap travay pou li elaji opòtinite pou sa ki plis majinalize yo (sa yo ki pi ekate nan soryete a).

Jiska prezan, 73% nan lekòl yo te fè omwens yon [Tab Won sou Ekite nan Mwa Me oswa Jen](#) 2021 pou idantife fason ekitab pou nou retounen, rekipere e reyimajine nan nivo distri a ak lekòl la. Rezulta dezire yo se pou yo enfòme demann fon sekou federal distri a pral depoze bay DESE an jiyè 2021 ak plan lekòl la pou finansman ESSER II a, ke nou atann nou pral resevwa an otòn 2021. Kòm yon pwochèn etap nan reyinyon sa

a, ekip lekòl yo pral depoze pwopozisyon ki detaye plan pa yo pou yo depanse distribisyon ESSER pa yo. Lè pou depoze yo se jiska 1ye oktòb, 2021. Distri a pral revize pwopozisyon lekòl yo nan twa tou jouk mwa oktòb pou asire ke depans ki fèt nan nivo lekòl yo siplemente envestisman distri yo ki fèt santralman pou tout lekòl yo e ke l vize fè yon wo enpak sou elèv yo.



Alavni, lekòl yo pral tout fè yon lòt Tab Won sou Ekite an septanm oswa oktòb 2021, lè gen plis enfòmasyon sou demann pou sibvansyon ESSER II BPS la ak priorite pou depans lekòl yo fin revize pandan ete a. Ekip lekòl yo pral resevwa kòmantè sou plan lekòl "final" la, ak yon konsantrasyon sou pwofite de kèk nouvo opòtinite gras a ESSER. Rezulta dezire a se pou nou rafine demann lekòl yo pou utilizasyon finansman ak soutyen pou soutni rekiperasyon ekitab e reyimajine ki jan nou te ka

soutni elèv yo, fanmi yo ak pèsonèl ki sèvi yo pi byen.



Angajman avèk Elèv yo

Elèv yo nan sant tout travay nou fè kòm yon distri. Nan chak konvèsasyon sou finansman ESSER, ekip BPS la kenbe yon konsantrasyon fiks sou enpak lajan sa a pral genyen sou elèv yo ak ki rezulta ki pral amelyore an konsekans envestisman ESSER yo. Fòk chak dola nou depanse nan fon ESSER yo kore rannman nan men elèv yo ki pi djanm. Nou envite elèv yo bò tab la kòm patisipan aktif nan diskisyon an sou kòman finansman sa a kapab genyen plis enpak sou eksperyans yo lekòl.

Jiskaprezan, nou te angaje Komite Konsiltatif Elèv Boston an (Boston Student Advisory Committee (BSAC) ak Kabinè Elèv Sipètentandan an nan plizyè reyinyon pou yo bay kòmantè yo e pataje pwendvi pa yo sou priorite yo pou ESSER. BSAC genyen yon reprezantan nan chak lekòl ladan li, epi li bay konpreyansyon nan pèspektiv elèv yo nan divès anviwònman lekòl segondè varye nou yo. Kabinè Sipètentandan an bay konpreyansyon ak kòmantè sou politik yo ak pratik nan nivo distri a. Kòmantè nan gwoup elèv etabli sa yo te ede fikse estrateji a pou envestisman ESSER yo. Epi tou genyen de (2) reprezantan elèv sou Komisyon ESSER a.

Komisyon Elèv pou Retou, Rekiparasyon ak Reyimajinasyon an pral lanse 22 jiyè kòm yon gwoup ki pral bay kòmantè li ak vizyon I konstaman bay distri a pandanke n ap pran kèk desizyon sou finansman an. Pandan reyinyon sa yo, nou pral mande elèv yo bay rekòmandasyon sou ki jan yo anvizaje fon ESSER yo itilize nan tout distri a, pi patikilyèman nan biling lekòl yo e toupatou nan kominate a. Manm Komisyon Elèv la pral aji kòm ajan chanjman, ki amplifye vwa tout Elèv Lekòl Piblik Boston yo. Komisyon Elèv la se yon gwoup ki louvri pou tout elèv nan dizyèm, onzyèm, ak douzyèm ane nan BPS, kèlkeswa pozisyon akademik yo. N ap sispann aksepte demann 19 jiyè a 9:30am epi nou pral envite 10 a 15 elèv pou yo rejwenn Komisyon an nan jou 20 jiyè. Vwa elèv sa yo ap yon lank enpòtan pandan n ap konkretize envestisman ESSER II yo epi kòmanse reflechi an gwo sou fon ESSER III a ak ki jan nou te kapab reyimajine Lekòl Piblik Boston yo.

BOSTON PUBLIC SCHOOLS

RETURN, RECOVER & REIMAGINE STUDENT COMMISSION

Apply Now

THURSDAYS | JULY, 22 - AUG. 12
5:00PM - 6:30PM| VIA ZOOM

We encourage all rising Sophomores, Juniors and Seniors to apply to join the ESSER Return, Recover & Reimagine Student Commission.



MEZI PWOTEKSYON YO

Pou nou planifie pou ki jan pou nou sèvi ak finansman ESSER nan yon fason responsab, BPS te dekri kat mezi pwoteksyon ki pou gide travay la.



1. Direktiv Federal ak Eta
2. Direktiv BPS
3. Estrikti pou Distribisyon pou Lekòl yo
4. Sis Domèn Konsantrasyon yo

Direktiv Federal ak Eta

Premye mezi pwoteksyon pou depans yo sot nan men gouvènman federal la ak eta a dirèkteman. Direktiv nan men gouvènman federal la dekri ki tip depans ki pèmisib pou chak nan twa pakè finansman ESSER yo. Pa egzanp, fòk 5% nan fon ESSER III yo sèvi pou aplikasyon entèvansyon ki baze sou prèv ki vize presizeman adrese pèt aprantisaj, tankou aprantisaj ete oswa anrichisman ete, jounen pwolonje, pwogram apre lekòl okonplè, oswa pwogram ane skolè pwolonje yo. Nou ka jwenn yon lis konplè de direktiv federal yo pou chak fon ESSER sou [sit entènet United States Department of Education nan](#). Yo te mete plis direktiv sòti nan Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (MA DESE) sou tèt direktiv federal la ak plis restriksyon. Pa egzanp, fòk omwens 10.000\$ nan fon ESSER II yo depanse sou soutyen pou sante mantal. Nou ka jwenn yon lis konplè de direktiv eta a pou chak fon ESSER sou [sit entènet DESE MA a](#).

Direktiv BPS

Lekòl Piblik Boston te devlope yon ekip ESSER pou konsantre patikilyèman sou jesyon finansye fon ESSER yo. Ekip ESSER sa a travay pou sentetize kontribisyon yo nan tout angajman pati enterese yo, jere pwoesis revizyon demann finansman yo epi fè distribisyon, apre sa siveye enplemantasyon an ak enpak lajan yo. Ekip ESSER BPS la kolabore ak Komisyon ESSER a, yon gwoup divès pati enterese ki reyini regilyèman pou yo diskite desizyon ESSER yo. An kolaborasyon avèk lidè yo nan distri a, direktè lekòl, ak Kominote Skolè yo, yon seri de mezi pwoteksyon BPS inisyal te pwopoze pou gide estrateji nou pou envestisman yo.

- Asire distribisyon yo konfòme ak Plan Stratejik BPS la
- Distribye fon pou depans pou retou ak rekiperasyon tankou pou aprantisaj ak sèvis konpansatwa
- Distribye fon anvè inovasyon ak reyimajinasyon sistèm ak pratik aktyèl yo
- Distribye fon anvè kontrandi, siveyans, ak ògmantasyon enpak envestisman yo
- Distribye fon pou enfrastrikti BPS pou bay soutyen enfrastrikti ki nesesè yo pou pèmèt lòt distribisyon yo kapab genyen pi gwo enpak



Estrateji pou Distribisyon

Estrateji a pou distribisyon fon te baze sou angajman kominotè pwofon. Pati enterese yo te eksprime ke envesti nan lekòl yo dirèkteman te yon wo priyорite. An konsekans, pwoesisis la pou fè distribisyon yo dirije pa ekite ak angajman, konsa moun ki pi pre elèv nou yo – pwofesè yo, fanmi yo, ak Kominote Skolè yo – kapab fè gwo enpak sou fasoan lajan an depanse pou li benefisyé kominote pa yo.

Distribisyon finansman ESSER II yo pral divize selon kategori suivan yo :

- **50% Envestisman Plan Lekòl yo:** Lekòl yo pral devlope pwopozisyon yo an kolaborasyon avèk kominote pa yo, epi soumèt demann ki korespòn avèk mezi pwoteksyon yo, epi satisfè bezwen elèv yo ki nan biling pa yo. Lekòl yo pral soumèt pwopozisyon final yo avan 1ye oktòb 2021, epi chak lekòl pral genyen yon rezime sou kòman I ap planifye pou li sèvi avèk fon sila yo k ap aksesib pou elèv yo, fanmi yo, ak Kominote Boston an an jeneral.
- **30% Envestisman Stratejik nan Tout Distri a:** Envestisman yo nan tout distri a ap vize asire ekite nan tout lekòl yo epi anpil nan finansman sa a pral envesti nan lekòl yo dirèkteman. Objektif fon sa yo se pou asire nou genyen enfrastrikti pou pèmèt ekselans nan tout lekòl yo. Depans lan pral tonbe nan twa bokit: Akademik, Byenèt Sosyal-Emosyonèl, ak Operasyon yo.
- **20% Envestisman k ap Vini yo :** Anplis de envestisman yo nan Afè Akademik, Byenèt Sosyal-Emosyonèl, ak operasyon yo, nou antisipe nou pral fè envestisman nan de (2) lòt kategori ankò: Inovasyon Ant Lekòl yo ak Kominote. De (2) domèn envestisman sa yo toujou sou devlòpman epi pral genyen plis enfòmasyon disponib an otòn 2021.





Domèn Konsantrasyon yo

Distri a te devlope yon estrikti ki pou dirije envestisman yo nan kategori kle ki aliyen ak Plan Stratejik la epi nou atann yo pral genyen yon bon retou sou envestisman yo pou elèv nou yo. Domèn Konsantrasyon yo fèt avèk elèv nou yo pozisyon nan mitan tout bagay, epi yo konsantre sou sa yo bezwen pou yo fleri.



Selon kòmantè nan jwenn nan men Kominote BPS an laj la jiskaprezan epi ak aliyman avèk Plan Stratejik la, genyen sis domèn k ap konsantre envestisman yo pou nou Rekipere e Reyimajine. Sis domèn sa yo se:

- **Ranfòse Baz Ansèyman yo :** Nan sant modèl la se elèv yo, pwofesè yo, ak kontni yo. Estrikti sa a konsantre sou elèv yo ak ki soutyen yo bezwen pou yo reyisi. Sa a kapab enkli aksè nan kourikoulòm lan (pwogram etid la), soutyen sosyal-emosyonèl, soutyen endividydèl, ak Sistèm Soutyen Multi-Klasman an (*Multi-Tiered Systems of Support*) (MTSS). Akòz demografik elèv yo nan BPS, li esansyèl



pou nou bay yon konsantrasyon patikilye sou elèv ki gen andikap yo ak elèv k ap aprann lang anglè yo pandan n ap ranfòse baz enstriksyonèl la.

- **Enklizyon** : Nou pral devwe yon atansyon espesyal nan soutni elèv ki gen andikap epi ankouraje devlòpman yo nan anviwònman ki gen pi piti restriksyon. Elèv ki gen andikap nan sal de klas enklizyon yo pèfòme pi byen akademikman, yo pi angaje nan sal de klas yo, yo resevwa bonjan kalite Plan Edikatif Pesonalize (*Individualized Education Plans*) (IEP), yo genyen pi bon to prezans, epi yo gen plis chans pou yo ale invèsite oswa jwenn travay apre lekòl segondè (Grindal, 2016; Hunt, 1992; Hunt, 1994; Wagner, 2006; Waldron, 2001).
- **Aprantisaj Bileng** : Elèv k ap aprann anglè yo bezwen soutyen pou aksè lengwistik ki bati sou avantaj kiltirèl ak lengwistik yo pòte nan sal de klas la epi pou kore devlòpman yo nan anviwònman apwopriye ki byen soutni yo. Yo asosye moun ki gen estati bileng avèk moun ki gen konpetans refleksyon ki fleksib, konpetans fonksyònman egzekitif, konpreyansyon sou diferan kiltirèl, ak devlòpman yon idantite pozitif (Langeloo, 2019; Leeman, 2015).
- **Pakou de Bon Kalite** : Elèv yo benefisyé de pakou previzib ki founi kontinwite ak kowerans, kòmanse nan lekòl matènèl rive jis aprè lekòl segondè. Eksperyans aprantisaj bonè de bon kalite asosye avèk siksè nan lekòl, anwòlman nan invèsite, ak patisipasyon sivik (Weiland, 2013; Weiland, 2019; Gray-Lobe et al., 2021). Pandan elèv yo pwogrese atravè edikasyon yo, pakou de bon kalite yo kritik nan chak pwen tranzisyon. Pandan elèv yo prepare pou diplome nan lane lekòl segondè yo, pwogram pakou inivèsitè ak pakou karyè gaya esansyèl pou siksè alontèm pou elèv yo (Oakes, 2008; Morgan, 2018; Ozuna Allen, 2018).
- **Aksè Ekitab** : Tout elèv yo merite aksè nan opòtinite ki soutni kwasans akademik, sosyal-emosyonèl, e olistik. BPS pral konsantre sou asire ke tout elèv yo gen aksè nan kontni rijid ansanm ak pwogram anrichisman ak espas kreyatif tankou pwogram atizay, aprantisaj deyò a, ak aktivite spò. Patisipasyon nan pwogram atizay lye ak benefis ki gen rapò ak tolerans, enpati, ak refleksyon kritik (Kisida, 2014; Lichtenberg, 2008). Aktivite fizik pou timoun genyen benefis akademik ak benefis sante, tankou meyè konsantrasyon, zo ki an pi bòn sante, mwens enkyetid otou sante mantal, ak prevansyon maladi kwonik (Grissom, 2005; Komite Konsilitatif pou Oryantasyon sou Aktivite Fizik, 2018). Elèv koulè yo, elèv k ap aprann anglè yo, elèv ki gen andikap, ak elèv ki dezavantaje ekonomikman, yo genyen aksè inekitab nan opòtinite pou anrichisman.
- **Anviwònman Skolè** : Nou pral sèvi ak finansman ESSER pou nou envesti nan biling fizik nou yo epi bay aksè nan anviwònman aprantisaj amelyore tankou laboratwa syantifik, espas pou pwogram atizay, laboratwa aprantisaj fleksib, bibliyotèk ak lòt bezwen fizik pou lekòl yo.
- **Kominote** : Genyen anpil òganizasyon patnè ak moun ki travay pou yo soutni elèv nou yo pandan e an deyò jounen skolè a. BPS ap chache entegre envestisman yo ak sèvis lòt moun yo nan kominote nou an founi pou nou soutni elèv pataje nou yo pi byen. Lè lekòl fè patenarya ak fanmi yo nan fason siyifikatif, elèv yo gen plis chans pou yo diplome, genyen pi wo to prezans, eksprime atitud sou aprantisaj ki pi pozitif, epi yo travay pi byen lekòl (Auerbach, 2010; Baquedano-López, 2013; Dearing, 2008; Epstein, 2002; Kuperminc, 2008; Leo, 2019; Marshall, 2006; Smith, 2019).



Kandida ki sot nan divizyon biwo santral BPS yo ak demann pou finansman ki baze nan lekòl yo pral idantifye yon Domèn Konsantrasyon pou pwopozisyon yo an ki alien. Ekip ESSER a pral chwazi epi alien envestisman yo andedan yon domèn spesifik pou yo kreye yon apwòch koweran pou chak.

Baz Rechèch

Envestisman yo nan tout Domèn Konsantrasyon yo ap dirije pa aktivite, estrateji, ak entèvansyon ki baze sou prèv. Etid ki demontre yon efè ki siyifikatif estatistikman sou amelyore rezulta elèv yo oswa lòt rezulta pètinan te prioyize pou envestisman yo.

Divizyon Kontabilite BPS la te komisyone sant Rennie Center for Education Research & Policy pou yo pwodwi yon analiz ki ta fè rezime evalyasyon lokal resan sou Lekòl Piblik Boston ki gen rapò ak sèt Domèn Konsantrasyon yo. Rapò a, ki te pibliye nan mwa jen 2021, te yon [analiz konpreyansif](#) de plis pase 50 rapò konsantre sou BPS. Chak rapò ofri konpreyansyon nan baz prèv la pou nou konsantre sou domèn prioyite sa yo, kote distrifò aktyèlman nan chak domèn, ak opòtinite pou nou kontinye ap grandi. Yo te konpile fòs ak domèn kwasans ki te idantifye pou BPS atravè revizyon ak sentèz rapò sa yo. Tout done oswa konkliyon inik ki sot nan yon rapò patikilye site nan tèks la. Pou yon kont konplè pou tout rapò ak etid ki te revize, gade lis referans lan sou paj 9 nan rapò a.

An plis de Rennie Center a, BPS te mande Regional Educational Laboratory (REL) a konpile yon revizyon nasional de rechèch ki dekri pratik efikas nan chak domèn konsantrasyon, ak yon anfaz sou meta-analiz ak rezime etid rijid ki te valide.

Lòt direktiv ekip ESSER BPS la nou fè referans a yo se [Direktiv ESSA Sèvi ak Prèv pou Ranfòse Envestisman Edikatif yo \(2016\)](#), ak [Direktiv Optimizasyon Fon ESSER](#) pou Konsèy Gran Lekòl Vil yo (Council of Great City Schools), [Plan Daksyon Akselerasyon : Pakou a yon Rekiperasyon Ekitab – Edisyon Lidè](#) ak [Edisyon Edikatè Sal de Klas \(2021\)](#) Massachusetts Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a (Department of Elementary and Secondary Education), ak [Gid pou Rekiperasyon ak Renouvèlman Aprantisa](#) la de Attuned Education Partners ak Fondasyon Barr la.



ENVESTISMAN YO


Kalandriye a pou Envestisman

Apeprè 55\$ milyon nan fon ESSER I te gentan depanse pou ede retounen a aprantisaj an pèsòn an sekirite. Nan etap sa a nan pwosesis la n ap planifye distribisyon yo sèlman pou fon ESSER II yo, an total apeprè 123\$ milyon ke nou pral itilize pou ede nou rekipere nan pandemi sa a. Nou te tande kominote nou an trè klè : majorite nan finansman an dwe ale dirèkteman nan lekòl yo epi sipoze genyen priz desizyon lokal nan nivo lekòl yo. Li kritik pou edikatè yo, paran yo, ak pwofesè yo – ki pi pre elèv nou yo – otorize pou yo pran desizyon sou ki entèvansyon ak pratik k ap plis benefisyè elèv nou yo ak lekòl nou yo.

Fon ESSER II yo pral distribye selon kategori sa yo :

- 50% Envestisman Plan Lekòl yo
- 30% Envestisman pou Lekòl yo nan Tout Distri a
- 20% poko detèmine, k ap depann sou plis revizyon de bezwen Rekiperasyon yo an otòn, tantativman li pral distribye pou Inovasyon Ant Lekòl yo ak divès patenarya kominotè

Lidè lekòl nou yo ak pati enterese nou yo te eksprime ki jan li enpòtan pou nou distribye finansman an pi vit ke posib pou nou fè envestisman k ap afekte elèv nou yo kou otòn nan kòmanse. Nou pa ka tann pou nou bay plis soutyen akademik e sosyal-emosyonèl ke elèv nou yo bezwen pou yo retounen lekòl avèk siksè e fè pwogrè anvè siksè.



An konsekans, nou te vanse pou n detèmine toulede envestisman plan lekòl yo ak Envestisman Lekòl nan Tout Distri a an menm tan sou chimen paralèl pandan prentan sa a. Envestisman Lekòl nan Tout Distri a ki rekòmande yo dekri nan pwochèn seksyon nan rapò a. Lidè lekòl yo ak ekip yo te gentan kòmanse angajman ak kominote yo pou yo detèmine priyorite pataje pou depans skolè yo. Pwosesis demann lekòl la pral kòmanse an jiyè 2021 epi l ap rete louvri sou yon baz pèpetyèl jouk oktòb 2021.

Envestisman finansman yo pou Inovasyon Ant Lekòl yo ak Patenarya Kominotè yo sou devlòpman toujou. Distri a ap chache plis kolaborasyon avèk edikatè yo ak patnè kominotè yo pou fòme fason nou pral investi lajan ki distribye nan de kategori sa yo.



Envestisman Lekòl yo

Pwosesis Ia

Selon [Analiz Ekite Lekòl Piblik Boston](#), enpak COVID te afekte sèten sou-gwoup pamí elèv, fanmi, ak pèsonèl BPS yo dispwopòsyonèlman. Fanmi moun Nwa, Panyòl, ak Azyatik yo, sitou fanmi imigran yo, te gen plis chans sibi chomaj ak lòt pèt revni, ki te mennen nan ensekirite lojman ak manje. Anpil elèv ki gen andikap ak fanmi yo, ak elèv k ap aprann lang anglè ak fanmi yo, te kominike ke aprantisaj a distans te difisil pou yo an patikilye.

Fòmil sa a dirije finansman pou elèv nou kwè ki te dispwopòsyonèlman afekte pa pandemi a : elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, elèv k ap aprann angle k ap resevwa sipò, ak elèv k ap sibi povrete yo.

Anplis de sa, pandan reyinyon kominotè yo, kat apèl Tout Lidè Lekòl yo, de (2) reyinyon Kabinè Lidè Skolè a an me ak jen 2021, nou te resevwa kòmantè ke li te kritikman enpòtan ke fon skolè yo distribye selon bezwen olye de egal-ego pou tout lekòl yo, epi ke lekòl yo resevwa finansman pi vit ke posib. Avèk oryantasyon Komisyón ESSER a (ki genyen lidè lekòl yo ak yon reprezantan sipètentandan lekòl ladan li), nou te detèmine yon sistèm pou nou fè yon distribisyón inisyal pou lekòl yo ki bay finansman selon kantite elèv ki genyen anpil bezwen nan chak lekòl. Fòmil sa a dirije finansman pou elèv nou kwè ki te dispwopòsyonèlman afekte pa pandemi a : elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, elèv k ap resevwa soutyen pou

aprann lang anglè, ak elèv k ap sibi povrete.

Finansman Distribisyón Lekòl

Category	Enrollment	Per Pupil Amt	Category Total
All Students	48,693	--	--
Special Education	9,081	\$813	\$7,387,131
English Learners	15,016	\$813	\$12,215,082
Low Income	37,368	\$813	\$30,397,787

Nou te mete tablo sa a ajou pou li reflete nouvo montan pou chak elèv ki detèmine selon lekòl nou enkli ki pa finanse pa WSF tradisyonèlman epi nou retire lekòl sila yo ki pral resevwa finansman ESSER dirèkteman nan men DESE.

Nan kòmanse avèk yon estimasyon distribisyón total ak gade enskripsyon nan tout distri a, ekip bidjè a te detèmine yon montan pou chak elèv pou elèv yo, ki tonbe nan chak nan twa kategori nonmen pi wo yo. Si yon elèv tonbe nan youn nan kategori yo (edikasyon espesyal, elèv k ap aprann anglè, oswa k ap sibi povrete), lekòl pa yo pral resevwa 813\$. Si yon elèv tonbe nan de (2) nan kategori ki te spesifye yo, lekòl pa



yo pral resevwa 1.626\$ (813\$*2). Si yon elèv tonbe nan toule twa kategori yo, lekòl pa yo pral resevwa \$2.439 (813\$*3). Distribisyon yon lekòl se total finansman pou chak elèv yo resevwa pou elèv yo ki nan chak nan twa kategori yo. Konsa, n ap distribye fon yo pou lekòl kote elèv yo genyen plis bezwen selon done BPS ki egziste yo.

Envestisman yo

Distribisyon inisyal pou lekòl yo te finalize nan kòmansman mwa jiyè a. Enfòmasyon ak zouti swivi yo te pataje ak lidè lekòl yo nan jou 8 jiyè 2021.

- Pou nou bay aksè bonè pou lekòl ki bezwen li imedyatman, n ap bay yon Fòmilè Demann Lekòl pou ESSER Bonè ki Opsyonèl ki senplifye. Lekòl yo gen dwa mande fon pou premye tou a pou bezwen patikiye, apati 9 jiyè 2021 jouk 6 out 2021.
- Lekòl yo pral genyen plis tan pou yo angaje avèk kominote yo e enkli kòmantè yo pou yo pwofite de fon ESSER yo nan plan ki pi detaye ki echì pa pita pase 1ye oktòb. Lekòl yo pral twouve distribisyon lekòl ESSER 2021-2022 yo nan lyen anwo a epitou nan dokiman [Direktiv Lekòl ESSER](#) la. Direktiv la genyen ladan li yon lis kontwòl de pwochèn etap yo, yon eksplikasyon sou fason fon yo te distribiye, mezi pwoteksyon yo, ak enstriksyon pou pwopozisyon finansman yo.
- Envestisman distri ke nou konnen ki pral deplwaye pou lekòl yo nan Direktiv Lekòl ESSER a.

Lekòl yo ap kapab travay ansanm avèk kominote yo pou detèmine ki envestisman yo kwè ap plis benefisyé elèv yo ak kominote skolè yo. Plis finansman kapab vini avèk konsekans yon analiz ki pi diferansye (egzanp : degre de bezwen pondere). Remake: Lekòl Horace Mann Charter yo pa nan lis sa a pwiske yo resevwa finansman ESSER dirèkteman nan men DESE, epi konsa yo t ap oblige fè demann kot DESE dirèkteman. Pou aprann plis bagay sou distribisyon ESSER II ak ESSER III pou Lekòl Horace Mann yo, tanpri ale sou [sit entènet DESE a.](#)



Envestisman Lekòl nan Tout Distri a

Pwosesis la

Pwosesis la pou detèmine Envestisman Lekòl nan Tout Distri a te fèt pou asire ke desizyon yo ta benefisyé elèv yo nan yon manyè ki ekitab, abòde priyorite yo ak kòmantè nan men kominote a, epi dirije enpak ki fèt sou elèv yo.

Premye etap la an jen 2021 se te pou ekip lidèchip chèf divizyon Sipètentandan an ranpli yon fòmilè kout pou previze sa yo kwè k ap envestisman ESSER esansyèl. Apresa ide inisyal sa yo te ranfòse avèk travay nan depatman divizyon diferan yo pou kreye yon pwopozisyon konpreyansif ki ekitab, dirab, e ki baze sou prèv. Oryantasyon ki te pataje pa ekip ESSER a te soutni ekip yo pou konfime ke envestisman yo te pwopoze yo te pèmisib anba restriksyon sou finansman ESSER yo ki te etabli pa gouvènman federal la ak eta a, osi byen ke korespòn ak estrikti lokal nou pou Domèn Konsantrasyon yo. Chèf divizyon yo ak chèf depatman yo te genyen okazyon pou yo patisipe nan yon sesyon estrateji ansanm ak manm ekip ESSER a pou yo fè demann yo pi presi e gaya ke posib. Pandan etap sa a nan pwosesis la, tandans kòmantè pati enterese yo nan reyinyon angajman kominotè yo jiskaprezan te pataje ansanm avèk ekip biwo santral yo pou asire envestisman yo te aliyen avèk sa kominote a bay plis valè. An konsekans angajman an, BPS te deside aliyen envestisman yo nan tout distri a nan twa bokit DESE te dekri yo :

- Envestisman Afè Akademik yo
- Envestisman nan Byenèt Sosyal-Emosyonèl
- Envestisman nan Operasyon yo

Pandan nou te sanble kòmantè nan men pati enterese yo, ekip ESSER BPS la te deside nou p ap atann lekòl yo finanse envestisman nan enstalasyon yo dekwa pou nou kapab bay prensip ekite nou an priyorite. Pa egzanp, li pa jis pou nou mande yon kominote skolè distribye kèk nan finansman skolè yo pou yo ranje oswa renove pwoblèm enstalasyon (pwoblèm bilding) tankou filtrasyon lè, oswa sistèm klimatizè, akoz move chans pa yo ke bilding kote yo sitye a se yon kote ki pa dènye kri pou aprantisaj nan 21yèm syèk. An konsekans desizyon sa a, genyen plis Envestisman Lekòl nan Tout Distri a nan enstalasyon lekòl yo epi lekòl yo kapab priyorize finansman pa yo pou envestisman akademik e sosyal-emosyonèl ki konsantre sou elèv pa yo dirèkteman.

Apre li te resevwa tout soumisyon divizyon distri yo, ekip ESSER la te revize demann yo kont yon ribrik pou li evalye yo kòm wo, mwayèn, oswa ba, sou plizyè kritè:

- Demann sou Kapasite Lekòl
- Konsantrasyon sou Ekite
- Angajman Pati Enterese yo
- Baz Prèv
- Dirabilite Finansye



Apre revizyon demann nan, chèf divizyon yo te reyini ak Sipètentandant lan pou yo evalye kòman envestisman ekip yo te pwopoze yo korespòn an jeneral epi fè desizyon final sou finansman. Liv Travay Opsyon pou Envestisman ESSER nan Tout Distri a te sèvi kòm yon zouti pou vizyalizasyon ak analiz. Desizyon sou finansman pou priorite yo pou distri a te fèt an jen ak jiyè 2021 ; pwochèn seksyon an dekri envestisman yo pou lekòl yo atravè finansman pou tout distri a.

Domèn Envestisman ESSER II yo

Te genyen plizyè santèn pwopozisyon ki te konsidere pou envestisman yo pou tout distri a. Prezidan depatmantal yo te devlope ide ansanm avèk ekip pa yo, yo te enfliyanse pa konvèrsasyon yo te gen ansanm avèk pati enterese yo ak kòmantè ki te sanble nan mwa prentan yo. Pwopozisyon yo te sentetize pa Chèf Divizyon yo epi yo te egzamine kont ribrik la, dekwa pou nou te sèlman asepte ide ki te pi konekte avèk rezulta elèv yo ak objektif kolektif pou distri a ki te dekri nan Plan Stratejik la.

Avèk distribisyon plan bouyon sa a, ekip BPS la kontan anpil pou li pataje yon lis envestisman nan tout distri a nou atann pou finansman ESSER II a. Envestisman ki dekri anba yo nan twa kategori nou yo (Akademik, Byennèt Sosyal-Emosyonèl, ak Operasyon) pa konplè. Nou envite epi n ap apresye kòmantè nan men kominote a sou domèn envestisman inisyal sa yo epi nou pral kontinye ap rafine yo pandan peryòd pou kòmantè piblik k ap vini a avan nou finalize desizyon yo. Yon motivasyon pou nou distribye e defini Envestisman Lekòl nan Tout Distri a se paske yo fè yon pati esansyèl nan enfòmasyon ki pou enfòme envestisman nan lekòl yo. Espwa nou sèke lis envestisman inisyal sa a pral ede gide Kominote Skolè yo anvè desizyon lokal yo ki pral plis benefisyè elèv pa yo, ansanm avèk envestisman sa yo pou tout distri a ki pral benefisyè elèv nan tout lekòl yo nan tout distri a. Nou pral bay plis enfòmasyon sou montan envestisman yo ak plan pou mete yo sou pye nan bouyon plan ESSER yo alavni.

Baz Ansèyman : Envestisman Akademik yo

- Envestisman nan Alfabetizasyon ak Syans de Lekti
 - Founi Devlòpman Pwofesyonèl pou Syans de Lekti
 - Bay lekòl yo sipò pou yo fè odit e egzamine materyèl aktyèl kont kritè pou nou ale anvè materyèl ak pratik pedagojik (ansèyman) ki aliyen ak Syans de Lekti a, epi ki satisfè e afime elèv yo kiltirèlman e lengwistikman. Travay sa a ap soutni pa Konseye Pedagojik yo (Konseye nan Afè Ansèyman)
 - Achte materyèl pou kourikoulòm (pwogram etid) ki aliyen avèk materyèl Syans de Lekti yo, ke Fon Vil Boston soutni
 - Aplike yon apwòch Konsepsyon Invèsel pou Aprantisaj (Universal Design for Learning (UDL)) nan Syans de Lekti; atansyon patikilye ki konsantre sou bezwen elèv ki gen andikap ak elèv bileng yo
 - Elaji aksè nan bonjan kalite tèks ak eksperyans bibliyotèk avèk acha liv pou bibliyotèk nan sal de klasyo epi elaji pwogram bibliyotèk yo



- Envestisman pou Elèv ki Bileng ak/oswa Elèv k ap Aprann Anglè yo
 - Founi evalyasyon fòmatif de bon kalite pou tout elèv k ap apran anglè yo
 - Devlope oswa achte materyèl doub lang an Panyòl, Kreyòl Kap Vèdyen, Vyènamyen, Chinwa, Arab, Kreyòl Ayisyen, Vyènamyen, ak Somalyen pou reflete divèsite lengwistik rich elèv nou yo
 - Devlopman Kou Etid Etnik
- Envestisman pou Elèv ki Gen Andikap
 - Adrese pwoblèm konfòmite tousuit pou akselere pwogrè sou bezwen elèv nou yo ki gen andikap, ki enkli elajisman finansman pou sèvis konpansatwa yo
 - Founi sèvis konpansatwa yo
 - Plis tan pou sèvis espesyalis pou evalye e soutni divès bezwen elèv yo ki te devlope pandan pandemi a

Baz Ansèyman : Envestisman nan Byenèt Sosyal-Emosyonèl

- Envestisman nan Soutyen Elèv yo
 - Ofri Mantora ak Leson Patikilye
 - Founi soutyen pou Byennèt Sosyal-Emosyonèl pou elèv yo ak aprantisaj pwofesyonèl pou manm pèsonèl yo, ki enkli plasman (deziyasyon) yon travayè sosyal nan tan plen nan chak lekòl
 - Founi edikasyon sanite okonplè ak aksè elaji nan Edikasyon Fizik
 - Elaji modèl Hub School la ki founi soutyen konpreyansif pou elèv
- Kreye kondisyon pou yon Sistèm Soutyen Milti-Klasman (*Multi-Tiered Systems of Support*) (MTSS) nan tout distri a
- Rekiperasyon ak soutyen pou fanmi yo

Anviwònman Skolè yo: Envestisman nan Operasyon yo

- Aksè a dlo pwòp
- Aksè a transpò an sekirite
- Kontwòl tanperati amelyore atravè sistèm klimatizè
- Anrejistrem kontinyèl done ki anrapò avèk siveyans kalite lè ak tanperati nan biling yo

Envestisman ESSER III ki Pwopoze yo

Envestisman swivi yo pou pwochen tou finansman an pwopoze selon angajman aktyèl yo e yo pokon finalize. Lefèt ke yon bagay sou lis anba a pa bay garanti ke nou pral finanse li epi si yon bagay manke sou lis la, sa pa endike li p ap finanse. Bagay sa yo se yon echantyon kèk ide inisyal selon kòmantè nou jwenn nan men kominate a. Ekip BPS la resevwa kòmantè ak ide sou refleksyon inisyal sa a pou envestisman ESSER III yo. Angajman pou ESSER III a pral lanse pandan ete sa a epi envestisman yo ap finalize avan otòn 2021. Men yon echantyon kalite domèn envestisman n ap revize yo:



Etap Fondamantal pou Ranfòse Baz Enstriksyonè la

- Konseye pedagojik pou 9yèm ane
- Mete MassCore sou pye kòmanse nan 9yèm ane
- Gadri avan ak apre lekòl la
- Rekiperasyon ekite ansèyman
- Edikasyon Timoun piti
- Soutyen pou elèv ki san lojman
- Kourikoulòm (pwogram etid), materyèl, ekipman de bon kalite
- Syans pou lekòl mwayèn ak lekòl segondè
- Plis Devlòpman Pwofesyonèl
- Lidè ak pwofesè de bon kalite
- Aprantisaj sou entènèt ak teknoloji
- Soutyen ak entèvansyon plizyè nivo pou elèv

Elèv k ap Aprann Lang Angle

- Envestisman nan Edikasyon Bileng
- Soutyen pou alfabetizasyon pou elèv bileng yo – So Bilalfabetizasyon
- Evalyasyon, siveyans, ak entèvansyon de bon kalite
- Pwogram Doub Lang
- Pakou Edikatè Bileng

Elèv ki gen Andikap

- Sèvis Konpansatwa
- Elajisman enklizyon de bon kalite
- Materyèl espesyalize pou ABA (Analiz Konpòtman Aplike), Dislèksi, ak lòt pwogram patiklye
- Soutyen ak Kominikasyon Elaji avèk Paran yo

Pakou de Bon Kalite

- Edikasyon Timoun piti
- Ògmante aksè bonè nan konsèy pedagojik (konsèy oryantasyon)
- MassCore
- Preparasyon pou Invèsite ak Karyè
- Elajisman doub enskripsyon

Aksè Ekitab

- Atizay
- Aktivite spòtif
- Aksè elaji pou pwogram Ekselans pou Tout ak AWC (Klas Travay Avanse), rijidite, opòtinite



- Anrichisman pou elèv elatriye
- Ogmante divèsite pami edikatè yo, sa enkli divèsite lengwistik
- Teknoloji
- Siveyans, evalyasyon, ak transparans piblik pou ekite
- Kontinyasyon Tab Won Skolè e Kominotè Ekite yo

Anviwònman Skolè yo

- Renouvre e elaji bibliyotèk yo
- Laboratwa syantifik
- Sistèm HVAC konplè (lè, klimatizè, ak chovaj), si sa nesesè
- BuildBPS : Akselere kalandriye yo ak transparans
- Amelyore sèvis transpò pou elèv ki gen anpil bezwen yo

Kominote

- Opòtinite Elaji pou Aprantisaj ak Anrichisman Ete
- Lekòl Kominotè Hub
- Amelyore pratik angajman familyal nan nivo biwo santral la ak nan nivo lekòl yo



PWOCHÈN ETAP YO :

ANGAJMAN NOU PARAPÒ A TRANSPARANS

BPS vle manm kominote nou enfòme e konfyan nan fason nou envesti fon sekou federal sa yo k ap vini yon sèl fwa a epi kontinye striktire fason n ap sèvi avèk Finansman ESSER la pi byen, pou nou soutni elèv nou yo. BPS pral pataje mizajou sou fason nou distribye finansman federal la ak fason nou mezire siksè. Nou pral afiche nouvo enfòmasyon sou sit entènet la regilyèman ak sou rezo sosyal yo. Rete okouran sou sit entènèt : bostonpublicschools.org/FederalReliefFunds21

Pandan tout 2021, BPS pral pibliye vèsyon ajou Plan ESSER sa a pou nou enkòpore kòmantè pati enterese yo, kenbe kominote nou okouran, epi envite angajman sou anpil eleman patikilye nan plan an.

Piblik la kapab pataje kòmantè pa yo pandan peryòd defini kòmantè gran piblik la. Premye okazyon an pou bay kòmantè pral kòmanse nan dat nou pibliye plan sa a epi li pral fini 30 jiyè 2021. Nou pral enkòpore kòmantè ki disponib yo nan pwopozisyon nou pou sibvansyon ESSER II devan Depatman Edikasyon Elementè e Segondè Massachusetts la (Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (MA DESE)).



REKONESANS

Komisyon ESSER

Nou gen gratitud pwofon pou tan ak ekspètiz manm Komisyon ESSER nou yo. Pèspektiv yo ak kòmantè rich yo te esansyèl nan fòme meyè plan ke posib pou nou depanse fon ESSER yo. Nou te envite gwoop sa a pou yo kontinye ap angaje avèk nou nan fiti travay ESSER a. Yon lis konplè de Manm Komisyon ESSER yo ak asosyasyon pwofesyonèl yo parèt anba a.

- **Sam Acevedo:** Direktè Egzekitif, sant Boston Higher Education Resource Center (HERC); Ko-Prezidan, Gwoup Travay BPS pou Rediksyon Mankman nan Opòtinite ak Revisit (BPS Opportunity and Achievement Gaps (OAG)) ; Manm, Rezo Latino nan Metwopòl Boston (Greater Boston Latinos Network (GLBN)) ;
- **Celina Barrios-Millner:** Direktris Ekite ak Enklizyon, Biwo Devlòpman Ekonomik, Vil Boston
- **Josie Colon:** Elèv, lekòl New Mission High School; Manm, Konsèy Konsiltatif Elèv Boston (Boston Student Advisory Council (BSAC))
- **Rahn Dorsey:** Prezidan, Konsèy Administrasyon, enstiti Benjamin Franklin Institute of Technology (BFIT); Ansyen Chèf Edikasyon, Vil Boston
- **Pam Eddinger:** Prezidan, inivèsite Bunker Hill Community College
- **Ivan Espinoza-Madrigal:** Direktè Egzekitif, Avoka pou Dwa Sivil (Lawyers for Civil Rights)
- **Theresa Garcia de Quevedo:** Edikatè ak Fasilitatè Ekip Akizisyon Lang (Educator and Language Acquisition Team Facilitator (LATF)), Lekòl Mildred Ave
- **Roxann Harvey:** Prezidan Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal (Boston Special Education Parent Advisory Council (SpEdPAC))
- **John Jackson:** Prezidan, Fondasyon Schott pou Edikasyon Biblik
- **Karla Jenkins:** Direktris, Lekòl Enklizyon Higginson (K0-2)
- **Suzanne Lee:** Ko-Prezidan, Gwoup Travay Elèv k ap Aprann Angle (English Language Learner (ELL))
- **Margaret McKenna:** Prezidan, Komisyon sou Dwa Imen, Vil Boston
- **Xyra Mercer:** Elèv, Lekòl Enklizyon Henderson K-12; Manm, Konsèy Konsiltatif Elèv Boston (Boston Student Advisory Council (BSAC))
- **Keith Motley:** Konsultan Prezidan/Direktè Jeneral (CEO), Lig Vil Massachusetts (Urban League Massachusetts) ; Ansyen Direktè, Inivèsite Massachusetts Boston (UMASS)
- **Lee Pelton:** Prezidan, Fondasyon Boston an ; Ansyen Prezidan, inivèsite Emerson College
- **Paul Reville:** Pwofesè Pratik Regleman ak Administrasyon Edikasyonèl, inivèsite Harvard Graduate School of Education
- **Ruby Reyes:** Direktris, Alyans Jistis Edikasyon Boston (Boston Education Justice Alliance (BEJA))



- **Nicol Riley:** Asistan Ko-Prezidan Divèsite ak Enklizyon, Konsèy Paran Tout Vil la (Citywide Parent Council (CPC)) pou Lekòl Piblik Boston
- **Valerie Roberson:** Prezidan, inivèsite Roxbury Community College
- **Jeri Robinson:** Prezidan, Komite Skolè BPS
- **Jim Rooney:** Prezidan, Greater Boston Chamber of Commerce
- **Ayele Shakur:** CEO, BUILD; Ko-Prezidan, Gwoup Travay BPS pou Redui Mankman nan Opòtinite ak Revisit (Opportunity and Achievement Gaps (OAG)) BPS
- **Chris Smith:** Prezidan ak Direktè Egzekitif, pwogram eskstraskolè Boston After School and Beyond
- **Marcelo Suarez-Orozco:** Direktè, Inivèsite Massachusetts Boston (UMASS)
- **Tanisha Sullivan:** Prezidan, Branch Boston de Asosyasyon Nasyonal pou Avansman Moun Koulè (National Association for the Advancement of Colored People (NAACP))
- **Neil Sullivan:** Direktè Egzekitif, Konsèy Endistri Prive yo (Private Industry Council (PIC))
- **Jessica Tang:** Prezidan, Sendika Pwofesè Boston
- **Pastor Matt K Thompson:** Pastè, Jubilee Church Boston
- **Dania Vazquez:** Direktris, Margarita Muniz Academy
- **Grace Wai:** School Sipèantendant Lekòl BPS ak Manm Ekip Egzekitif
- **Lili Wu:** Manm, Komite Konsiltatif Distri BPS pou Elèv k ap Aprann Angle (BPS District English Learner Advisory Committee (DELAC))

Patnè Rechèch yo

- Rennie Center a te fè yon revizyon etid rechèch ki te fèt nan Lekòl Piblik Boston aliyen ak Domèn Konsantrasyon ESSER yo, epi l [te fè rezime nan yon rapò nou gen yon lyen sou li sou sit entènet BPS la.](#) BPS ta renmen remèsye Annelise Eaton, Ellie Sanchez, Andrew Volkert, Chad d'Entremont, ak Catherine Russo pou travay yo sou pwojè sa a.
- Regional Educational Laboratory-Northeast & Islands (REL-NEI) te fè yon eskan rechèch ki pibliye ki aliyen ak Domèn Konsantrasyon ESSER yo epi l te bay BPS yon done baz de literati, ki te pèmèt ekip la asire ke envestisman ki te pwopoze yo te baze sou prèv epi aliyen ak rechèch. BPS ta renmen remèsye Jessica Bailey, Heather Lavigne, Andresse St. Rose, Emily Braham, ak Anne Huntington pou kontribisyon pa yo.
- Laboratwa Ras, Ekite ak Edikasyon an nan Inivèsite Brandeis ap pèfòme yon analiz kalitatif de repons nou te resevwa pou Sondaj Fanmi BPS la an prentan 2021, pou enfòme bezwen envestisman yo. BPS ta renmen remèsye Derron Wallace, Zora Haque, Jennifer LaFleur, DeBorah Ault, Lucca Raabe, Habiba Braimah, Charlotte Powley, ak Ofa Ejaiye pou analiz yo.



bostonpublicschools.org

